

## OPSYON POU RESEVWA AVI PA MWAYEN ELEKTWONIK

MetroPlus Health Plan ak founisè nou yo ka voye avi konsènan otorizasyon pou sèvis yo, plan kontestasyon, plent, ak kontestasyon plent pa mwayen elektwonik, olye pou yo voye yo pa telefòn oswa pa lapòs. Nou ka voye kominikasyon ba ou sou gid referans manm ou an, rejis founisè nou yo, ak chanjman nan benefis jesyon swen Medicaid w ap resevwa.

Nou ka voye avi sa yo pou ou pa mwayen pòtay entènèt. W ap resevwa yon imel lè gen nouvo avi ki poste.

Si w vle resevwa avi yo pa mwayen elektwonik, ou dwe mande nou fè sa. Pou w mande pou resevwa avi pa mwayen elektwonik, kontakte nou nan telefòn, pa imel, sou entènèt, oswa pa lapòs:

Telefòn.....	855.355.MLTC (6582) (TTY: 711)
Imel.....	<a href="mailto:help.memberexperience@metroplus.org">help.memberexperience@metroplus.org</a>
Entènèt.....	<a href="https://metroplus.org/forms/contact-us">metroplus.org/forms/contact-us</a>
Lapòs.....	MetroPlus Health Plan 50 Water Street, 7th fl. New York, NY 10004

### Lè w kontakte nou, ou dwe:

- Di nou fason w vle resevwa avi nou abitye voye pou ou nòmalman pa lapòs yo,
- Di nou fason w vle resevwa avi nou abitye rele w nòmalman pou ba w nan telefòn, epi
- Ban nou kontak enfòmasyon pou n ka kontakte w (nimewo telefòn selilè, imel, nimewo faks, eks.).

MetroPlus Health Plan ap fè w konnen pa lapòs ou te mande pou w resevwa avi yo pa mwayen elektwonik.